



Pou Piblikasyon Imedya: 25/08/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AKEYI REFIJYE K AP KOURI POU VYOLANS AK ENSTABILITE NAN PEYI AFGANISTAN

*New York Kontinye Tradisyon Fyè yo Genyen pou Akeyi Moun ak Fanmi k ap
Kouri pou Pèsekisyon oswa Lagè*

*Sèvis Refijye ak Biwo pou Nouvo Ameriken Eta a Prepare pou Reyenstale epi
Ede Afgan k ap Rive yo*

*Nouyòkè k ap Chèche Sipòte Afgan k ap Rive nan New York yo Ka Kontakte Liy
Asistans ONA a nan 1-800-566-7636; Liy Asistans lan Disponib Tou pou Imigran
ki Bezwen Asistans Konfidansyèl, Sipò ak Sèvis*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul anonse ke Eta New York la prepare pou akeyi arive resòtisan Afgan k ap kouri pou vyolans ak enstabilite k ap pwopaje nan tout peyi twouble a. Sèvis Refijye ak Biwo pou Nouvo Ameriken Eta a pare pou asiste moun k ap chèche reyenstale yo nan New York epi yo kontinye tradisyon fyè eta a genyen pou l akeyi moun k ap kouri pou pèsekisyon oswa lagè. Nouyòkè k ap chèche sipòte Afgan k ap rive nan New York yo ka kontakte Liy Asistans Biwo pou Nouvo Ameriken an nan 1-800-566-7636 pou jwenn enfòmasyon sou founisè lokal yo ak fason yo ka ede. Liy Asistans lan disponib tou pou tout imigran ki bezwen asistans konfidansyèl ak koneksyon pou sipò ak sèvis.

Gouvènè Hochul di: "Pandan mond lan ap gade enstabilite k ap devlope nan peyi Afganistan, New York ap avanse pou, yon fwa ankò, sèvi kòm liyè espwa ak refij." "Richès kilti ak kominote ke refijye yo ak imigran yo pote nan eta nou an pa gen mezi epi mesaj ki klè pou mond lan se ke eta nou an angaje pou nou ede moun k ap chèche refij sou kot nou yo."

Pandan ansyen administrasyon prezidansyèl la te diminye, yon fason drastik, kantite refijye ak imigran yo te aksepte nan peyi Etazini, Prezidan Joseph Biden pibliye yon desizyon ijans ki ogmante plafon nasyonal la pou rive 62,500 admisyon. Epitou, gouvènman federal la otorize 8,000 viza imigran espesyal adisyonèl pou tradiktè ak entèprèt Afgan k ap travay ak lame ameriken epi ki reponn ak yon seri egzijans.

Sèvis Refijye New York la prepare pou reyenstale nouvo moun k ap rive sa yo epi ede yo nan tranzisyon yo nan lavi nan New York. Ant mwa oktòb 2020 ak mwa jiyè 2021, gen 458 refijye ki reyenstale atravè eta a, ki gen ladan yo 140 Afgan ak 83 moun anplis sou yon viza imigran espesyal -kote pifò soti nan peyi Afganistan.

Sou sipèvizon Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape eta a, Sèvis Refijye yo gen pou objektif pou yo ede refijye yo ak fanmi yo atenn otomoni ekonomik ak sosyal. Pami lòt fonksyon yo, pwogram sa a ede sitwayen ki rapatriye yo rive yon fason sekirize, ofri asistans bay viktim trafik imen yo epi asire refijye ki pa akonpanye yo ak minè k ap antre yo jwenn plasman familyal apwopriye.

New York pran angajman pou l reyenstale 1,320 refijye ak moun ki gen viza imigran espesyal pandan Ane Fiskal Federal 2021 an, kidonk eta a prepare pou moun anplis k ap rive yo. Rezo founisè kominotè nan tout eta New York la ede plis pase 5,000 moun nan lespas yon lane, pou yo reyenstale yo.

Komisyonè OTDA a, Mike Hein deklare, "New York toujou reprezante yon liyè espwa pou refijye ki soti toupatou nan mond lan, e eritaj istorik sa a jwenn temwayaj li nan peyizaj kiltirèl rich eta nou an. Imaj emouvan nou kontinye ap wè ki soti Afganistan yo ap ranfòse rezolisyon nou pou n ede tout refijye ki vini nan eta nou an e k ap chèche yon refij an tout sekirite fas ak danje y ap sibi aletranje. Nou resevwa yo avèk fyète nan kominote nou yo e nou akeyi yo antanke vwazen nou."

Sekretè Deta Rossana Rosado deklare, "Mwen gen anpil senpati nan kè m pou refijye Afgan yo k ap kouri kite peyi yo poutèt rezon sekirite. New York gen yon long istwa nan akeyi imigran ak refijye ki soti toupatou nan mond lan, e n ap kontinye tradisyon sa a pou n akeyi refijye Afgan yo e pou n ede ba yo resous yo bezwen pou yo gen siksè. Refijye Afgan yo te kanpe djanm an sipò avèk peyi nou an, e nan moman sa a kote yo gen yon gran bezwen, nou pral akeyi yo avèk bra nou louvè an sipò ak solidarite, pandan y ap chèche libète, sekirite ak opòtinite nan Eta New York."

Liy Asistans pou Nouvo Ameriken nan Eta New York la (New York State New Americans Hotline) travay de 9:00 a.m. jiska 8:00 p.m., Lendi a Vandredi, eksepte jou fêt. Tout apèl yo konfidansyèl. W ap jwenn èd disponib nan plis pase 200 lang.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)